

PREPARE w pou MOVE TAN AN IVÈ

Tanpèt ivè yo kapab dire plizyè jou. Li enpòtan pou prepare w, epi suiv ak rete atantif ak alèt yo pou rete an sekirite.



Èske w te konnen...

Grèl yo kapab tonbe nan mwens pase **10 minit.***



ANVAN IVÈ A KÒMANSE



Prepare kay ou

- Pwoteje pòt ak fenèt yo kont move tan
- Teste detektè lafimen ak monoksid kabàn nan.
- Enspekte cheminen w.
- Prepare w pou pàn kouran. Konsève dlo, manje ak atik.
- Pa kenbe tèmostat ou nan nivo pi ba ke 65° F pou evite tiyo yo friz.
- Pa itilize fou ak recho yo pou fè chofaj.
- Netwaye nèj ki nan tiyo evakyasyon chodyè yo.

Nan moman kote w ap tann bis la, blesi fredi a ka vini. **Gwo van yo kapab fè lè a vin pi fre, epi ogmante blesi fredi ak ipotèmi.**

Apeprè **70%** blesi ki gen rapò ak nèj oswa glas rive nan machin.



Prepare machin ou

- Rete lwen wout yo si posib.
- Prepare yon kit ijans pou machin ou.
- Ranplase kawotchou ki la lontan yo epi gade si yo gen van.
- Kenbe tank gaz lan plen, pou evite glas fêt nan tank lan ak nan wout pou gaz la.
- Verifye nivo anti glas ou a epi fè sèvis nan radyatè ou a.
- Ranplase likid aparèy pou pouse glas ak yon likid pou ivè a.
- Retire glas ak nèj ki gen nan mòflè a.

SEKIRITE PANDAN IVÈ

ABIYE POU TANPERATI A



YON ECHAP OSWA
YON FOULA KI BARE
BOUCH AK FIGI W



YON
CHAPO



YON MANTO
KI KA REZISTE
AK DLO



BÒT KI KA REZISTE
AK DLO



PLIZYÈ KOUCHE RAD
PWÈS

Siy BLESI FREDI

- Doulè, pikotman oswa angoudisman ka premye siy blesi fredi
- Po ki vin gri oswa ble
- Po ki di oswa ki tankou lasi yon fason ki pa nòmal

Siy IPOTÈMI

- Frison
- Fatig
- Konfizyon
- Men ki ap tatonnen
- Pèt memwa
- Twoub nan fason pou pale
- Kabicha

RELE 9-1-1

Chèche èd medikal **tousuit** si yon moun gen ipotèmi oswa blesi fredi! Pandan w ap tann:

- Itilize dlo tyèd (pa dlo cho) nan zòn ki gen blesi fredi a
- Chofe kò w dousman!
- Retire tout rad ki mouye yo.
- Bwè dlo tyèd.

SEKIRITE POU TANPÈT IVÈ

Itilize yon JENERATÈ

- Toujou itilize yon jeneratris deyò a
- Itilize ralonj ki pwès
- Kenbe jeneratris sèch
- Kite jeneratris la frèt anvan w mete gaz

Pase pèl An sekirite

Lè w ap pase pèl li ka ogmante risk pou kriz kadyak. Si ou gen nenpòt nan siy sa yo

Rele 9-1-1.


DOULÈ NAN
MACHWÈ, NEN AK DO

DOULÈ, JÈN
OSWA
PRESYON NAN
PWATRIN,

MALÈZ NAN
YOUN OSWA
TOUDE
MEN W

KÈ PLEN,
TÈT VIRE OSWA
TOUDISMAN

SOUF KOUT



9-1-1 **PVD311 aplikasyon mobil**
Ijans Sèvis Vil la

CodeRED aplikasyon mobil **1-855-743-1102**
Alèt Ijans RI Energy pann kouran

Pou jwenn konsèy sou fason pou prepare w pou ijans,
ale sou **Providenci.gov/PEMA**

